



SMP BRAWIJAYA SMART SCHOOL
"Terakreditasi A"

Jalan Cipayung 8 Malang Malang Telp. (0341) 5081175, Fax. (0341) 575868

Website : smp.bss.ub.ac.id Email : smpbssub@yahoo.co.id

NILAI

Mata Pelajaran : **Bahasa Daerah (UH Teks Wawancara)**

Nama Siswa :

No. Absen Siswa :

Kelas :

Pilihlah wangsulan sing bener kanthi milih jawaban A,B,C utawa D!

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki kanggo jawab nomer 1-6!

Mupangate Limbah Anorganik

Ing ngisor iki pacalathon wawancara kang ditindakake dening Ayundha karo guru mata pelajaran prakarya ing sekolahe. Wawancara iki ngrembug babagan njaga kalestarene lingkungan kanthi cara mupangatake limbah anorganik kang ditindakake nalika tanggal 19 Agustus 2014.

....

Ayundha : "Kula badhe nyuwun pirsani ngenani caranipun njaga kalestarenipun lingkungan, Pak."

Pak Indra : "Njaga kalestarene lingkungan iku carane akeh banget, nanging njaga kalestarene lingkungan ing babagan apa sing kokmaksud, Ndhu?"

Ayundha : "Mekaten Pak, samenika katingalipun kathah banget uwuh ingkang saenggen-enggen, kamangka kahanan ingkang kados mekaten kalawau saged nyuda kaendahaning lingkungan. Miturut panjenengan, kados pundi caranipun kangge ngadhepi kahanan ingkang kados mekaten, Pak?"

Pak Indra : "Pancen bener apa kang kokandharake, Ndhu. Aku uga karep nyawang kahanan kang kaya mangkono. Kesadharane para warga kanggo njaga karesikan lingkungan saiki wis uda, nanging saiki ana cara prasaja kang bisa ditindakake kanggo ngadhepi prakara kasebut."

Ayundha : "Pripun caranipun, Pak?"

Pak Indra : "Kita bisa nindakake reuse kaya kang dakandharake sajroning pelajaran prakarya. Reuse yaiku mupangatake uwuh supaya bisa digunakake maneh. Tuladhane, uwuh kang arupa uwuh anorganik kayata kaleng bekas, botol beling utawa plastik, kertas bekas, lsp, bisa kita mupangatake saengga bisa ngasilake sawijining prakarya kang nduweni nilai ekonomis"

Ayundha : "Uwuh saged dipunmupangataken dados satunggaling prakarya, Pak?"

Pak Indra : “Iya, umpamane kaleng bekas bisa kita mupangatake dadi wadah pensil kanthi cara maesi kaleng belas kasebut supaya katon endah.”

Ayundha : “Dipunpaesi kados menapa, Pak?”

Pak Indra : “Umpamane kaleng bekas dipaesi kanthi nggunakake kain flanel, banjur diwenehi paesan tambahan kayata pita lan kembang-kembangan.”

1. Wawancara ing dhuwur ditindakake nalika tanggal...
 - a. 16 Agustus 2014
 - b. 17 Agustus 2014
 - c. 18 Agustus 2014
 - d. 19 Agustus 2014
2. Narasumber sajroning wawancara kasebut yaiku...
 - a. Pak Indra, guru Seni Budaya
 - b. Pak Indra, guru IPA
 - c. Pak Indra, guru Prakarya
 - d. Pak Indra, guru Penjaskes
3. Wawancara kasebut ngrembug babagan njaga kalestarene lingkungan kanthi cara mupangatake...
 - a. Uwuh organik
 - b. Uwuh anorganik
 - c. Uwuh teles
 - d. Uwuh garing
4. Ing ngisor iki kalebu jinis uwuh anorganik, **kejaba**...
 - a. Gegodhongan
 - b. Botol plastik
 - c. Kaleng bekas
 - d. Kertas bekas
5. Miturut teks wawancara ing dhuwur, kaleng bekas bisa dipaesi kanthi cara nggunakake...
 - a. Kertas werna
 - b. Kain flanel
 - c. Kulit jagung
 - d. Kulit kerang
6. Kaleng bekas kang wis dipaesi bisa digunakake minangka...
 - a. Vas kembang
 - b. Celengan
 - c. Wadhah pensil
 - d. Wadhah permen
7. Wong kang dadi punjering pitakonan sajrone wawancara diarani...
 - a. Informasi
 - b. Pewawancara

- c. Narasumber
- d. Tujuan
- 8. Wawancara kang pitakone ora disusun utawa dicepakake luwih dhisik diarani...
 - a. Wawancara bebas
 - b. Wawancara individual
 - c. Wawancara binuka
 - d. Wawancara tinutup
- 9. Ing ngisor iki sing ora kalebu struktur teks wawancara yaiku...
 - a. Definisi umum
 - b. Definisi bagian
 - c. Deskripsi manfaat
 - d. Definisi keseluruhan
- 10. Perangan pambuka ing wacan kang isine ngenani pangartene samubarang kang arep dirembug, ing perangan struktur teks wawancara diarani...
 - a. Definisi umum
 - b. Definisi bagian
 - c. Definisi manfaat
 - d. Definisi keseluruhan

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 11-12!

Anik : "Kula nuwun."

Pak Karji : "Mangga nak, kene melbu kene."

Anik : "Inggih Pak, matur nuwun."

Pak Karji : "Ana perlu apa kok sajak penting banget"

Dewi : "Punika lho Pak, kula pingin ngertos bathik kagungan panjengan."

Pak Karji : "Apa bae sing pengin dimengerteni nak?"

Anik :

Pak Karji : "Usaha bathik iki dakjenengake "Sekar Jagad."

- 11. Kang dari narasumber saka wawancara ing dhuwur yaiku...
 - a. Anik
 - b. Pak Karji
 - c. Dewi
 - d. Aan
- 12. Kanggo nggenapi pacelathon ing dhuwur ukara sing bener yaiku...
 - a. Mulai tahun pinten usaha bathik panjenengan niki berdiri Pak?
 - b. Puna naminipun usaha bathik panjengengen Pak?
 - c. Sinten naminipun usaha bathik panjenengan Pak?

- d. Sapa jeneng sing duwe usaha bathik Pak?
- 13. Ing ngisor iki kang kalebu pitakonan penutup...
 - a. "Nuwun sewu, Pak, Kula Gita putranipun Pak Jayadi, sekolah wonten SMP Ganesha."
 - b. "Ngriki menika menapa leres RT 12 RW 03?"
 - c. "Kula kinten cekap semanten rumiyyin. Bilih mangke wonten kirangipun kula sowan malih mboten menapa, Pak?"
 - d. "Menawi administrasi nyuwun surat damel keperluan kados pundi?"
- 14. Ukara ing ngisor iki kang kalebu pambuka wawancara yaiku...
 - a. Sampun dangu Ibu nyambut damel ing mriki?
 - b. Sugeng enjing bu, kados pundi kabaripun?
 - c. Menawi lepat kula nyuwun pangapunten.
 - d. Matur nuwun bu, sedaya penjelesanipun.

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki!

Susanti : "Nyuwun pangapunten Bu, punapa pareng kula nyuwun wekdalipun sekedhap kagem wawancara panjengangan?"

Bu Indri : "Iya ora apa-apa kok, Ibu malah bungah manawa bisa dadi narasumber."

- 15. Unggah-ungguh basa kang digunakake Susanti yaiku...
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko Alus
 - c. Krama Alus
 - d. Krama Lugu

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki!

Bagas : "Pak Andi, kula mangke badhe ningali bal-balan, sampeyan napa tumut?"

Pak Andi : "Inggih mangke kulo tumut."

- 16. Unggah-ungguh basa kang digunakake Bagas yaiku...
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko Alus
 - c. Krama Alus
 - d. Krama Lugu

Wacanen kang premati tembung ing ngisor iki!

Ibu menyang pasar.

- 17. Aspek kebahasaan kang wonten ing tembung ing dhuwur yaiku...
 - a. Tembung ancer-ancer
 - b. Tembung sesulih
 - c. Tembung panggandheng

d. Tembung panguwuh

18. Kang ora kalebu tembung sesulih madyama purusan utawa sesulihe wong kapindho yaiku...

- a. Kowe
- b. Sliramu
- c. Panjenenganipun
- d. Sampeyan

Wacanen kang premati tembung ing ngisor iki!

Adhik bakal budal menyang omahe kancane, yen udan Adik mboten saged budal.

19. Tembung panggandheng kanggo nggenepi tembung ing dhuwur supaya bener yaiku...

- a. Lan
- b. Karo
- c. Nanging
- d. Mulane

20. Tuladhane tembung ing ngisor iki migunakake tembung ancer-ancer, yaiku...

- a. Lho, awakmu teko kapan?
- b. Ibu lan bapak lagi nonton TV
- c. Supaya sehat aku kudu mangan sayur lan buah.
- d. Bapak mulih saka Semarang mbeta bakpia.

Wacanen kang premati tembung ing ngisor iki!

... ojo banter-banter lek ngomong, ing kelas sebelah lagi ujian.

21. Tembung panguwuh kanggo nggenepi tembung ing dhuwur supaya bener yaiku...

- a. Ah
- b. Lho
- c. Hus
- d. Wadhuh

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 22-25!

Andik : "Assalamualaikum"

Pak Danu : "Waalaikumsalam, mangga Nak, kene melbu kene."

Andik : "Inggih Pak , matur nuwun."

Pak Danu : "Njanur gunung dolan mreng, ana perlu apa kok sajak wigati banget."

Dewi : "Menika lho Pak, kula sakanca pengin ngertos usaha krupuk puli kagungan panjengangan."

Pak Danu : "Punika lo pak, kanca-kanca pengin ngertos usaha panjenengan."

Dewi :

Pak Danu : "Usaha krupuk iki sampun bediri ing taun 1998."

22. Teks ing dhuwur nggambarake kegiatan...
 - a. Wawansabda
 - b. Dhialog
 - c. Wawancara
 - d. Omong-omongan
23. Tema sing bener kanggo teks ing dhuwur yaiku...
 - a. Usaha krupuk puli Pak Danu
 - b. Home indhustri krupuk puli
 - c. Krupuk puli Sumber Rezeki
 - d. Usaha Pak Danu
24. Ukara kanggo nggenepi pacelathon ing dhuwur ukara sing bener yaiku...
 - a. Ing ngendi cabang usaha panjengengan Pak?
 - b. Mulai tahun pinten usahane panjenengan niki berdiru Pak?
 - c. Apa kelebihane mbukak usaha krupuk puli Pak?
 - d. Pak niki saged kulo tumbas tah krupuk puline?
25. Yen kepingin golek warta ngenani tatacara ngingu iwak, sing trep minangka narasumbere yaiku...
 - a. Ahli pertanian
 - b. Ahli mesin
 - c. Ahli perikanan
 - d. Ahli pendidikan